

Pembantoe sareng
agen:
Priangan koelon' Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjandjoer Bestuur Pasoendan Tjandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandung

Redakteur:
ET'SNA SENDJAJA
ATMA WINATA
Redakteur di Batavi SOERIADIRADJA.

SIPATAHOENAN

Serat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditulisk di Drukker Soekopoera Tasikmalaja.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimeloeweg No. 12 Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 sasih. f 1,50 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

Pangas ADVERTENTIE:

1/10 katja f 2,50 } Sakali mocat
1/22 " f 1,50 } dibajar ti pajoen
Langanan langkoeng mirah.

GEVRAAGD.

Met ingang van 1 Juli 1928 een leerkracht met akte Wiskunde L. O. voor de te openen gesubsidieerde Muloschouder vereeniging PASOENDAN te Tasikmalaja.

Gouvernementsvoorraarden + f 25.— toelage 's maands.

Stukken zoo spoedig mogelijk te richten aan het Bestuur Pasoendan te Tasikmalaja.

Inrichtingen ook te verkrijgen bij den Heer Hildering Consulent van den Bond van Neutrale schoolvereenigingen Kramat 164 Weltevreden.

Gesubs. Neutrale Muloschool der Vereeniging „Pasoendan“ te TASIKMALAJA.

Opening met 1 Juli a.s. Aangifte van leerlingen voor de voorklassen en de Eerste klasse vör 1 Juni 1928, door bemiddeling van de Hoofden van Scholen, onder overlegging van een verklaring en afschrift rcp:port.

Toelatingsexamen voor leerlingen zonder verklaring voor Voorklas en Eerste klas op Maandag 11 en Dinsdag 12 Juni 1928, aangifte daarvoor voor 1 Juni '28, onder vermelding van den leeftijd.

Zich schriftelijk aan te melden bij den Heer J. I. Amerika te TASIKMALAJA.

Het Schoolgeld zal bedragen nuv. tarief + f 2,50.

De Inl. meerderheid.

Perkara noe sakitoe matak geun-djeungna tea, ngarobah tetandingan loban lid di Volksraad antara Priboemi Walanda djeung cerang Asing bangsa Wetan — poerstelna Pamarentah — koe Pamarentah di Nagri geus dipasrahkeun ka Rengrengan Rahajat pikeun dibadamikeun.

Tjeuk soerat kawat ti Nagri, eta pce stelan ti Indonesia teh t-u dirobah koe Mantri Djadjahan, diasongkeun sakoeimaha noe geus dipoetoes koe Volksraad tea bae.

Tapi heuleut doe poë, djol deui soerat kawat Aneta ti Deu Haag, noe ngabarkeun, ieu noeroetkeun kateranganana begrooting (Memorie van Toelichting), Mutridjadjahan teu ker-saeun ngasangkeun mosi noe koe Volksraad geus ditarima, ujesta hal ngalobaan eidina Volksraad.

Noe marafa manawi aremoet keneh koe mosi noe disebat di loebet teh diosoehoekun, soepaja lobana lid bangsa cerang djadi 36. Walanda 30, bangsa Asing wetan 6. Noe dipalai soepaja oelah djadi ngoerangun lobana lid Walanda noe geus aja.

Pangua ieu mosi koe Mantri Djadjahan teu dibaminan, sabab; tjeuk soerat kawat.

1e. Ieu teh hidji perkara noe njoran, henteu bisa dirobah sawaktoewaktoe (incidenteel).

2e. Ngalobaan lid Volksraad djari matak kana litana babadami, djeung

3e. Ongkos ongkos noe patali djeung ieu perkara djadi panghalau, sabab piongkoseunana ngadjalank-un eta mosi sabab taoen ditaksir kana f 100,000

—o—o—

Toeh geus djol deui satab-sabab noe alansjar, noe tjeuk cerang t-u koe doe djadi lantaran pikeun ngabaakeun kana mosi.

Sabab noe kabidji — ujorangan (afzonderlijk) henteuna ieu perkara —

kenn sina diarotiek koe ahli wet, daorang mah ugah oekoer njaho leungseneun bahagian awak, tjara lobana lid Volksraad babagian tiua I.S. (Indische Staatsregeling) Kawasna ari teu njaha-njaho teuing mah kana methode patpat kolepat, ahli soeap. uja ujan semet kagéti.

Sabab noe kadoea, perkara djadi matak kana litana babadami, asa sabab noe didjeun-djeun.

Oepama Pamarentah Nagri enjaan hajangna mere kalonggaran ka cerang Indonesia, enjaan hajangna tegemoet komeu kana kabajang nerang dieu noe moeasabah (geen buiten-sporige wenschen) asa atong, lebah dieu, nipi ka koedoe gogodeg emboeng nari-na.

Hanas litana nembahan opat lina poë atawa beh ditoena nepi ka aja mingguena, sok moen babadami-nana uce degeijk, aloes, beras, meureun lain matak leuwih goreng, tapi sabalikna, tambah aloes. Toeroeg-toeroeg tangtoe pisau sora noe kadenge di Volksraad moal ngan nepi kana wates kaom pertengahan bae. Sabab koe ngalobaan eidina Volksraad, si Leutik shantearna kabagean hantjengan.

Kiteo paangharepana kaom di handap.

Sabab noe katiloe, perkara piongkoseunana, dina oenggal-oenggal taeu make koedoe tamuah begrooting f 100.000, memang enja loba, tapi tatajan nengah malioen.

Bet sok nanja sorangan: Naha ari keur soebidi soerat ngawang ngawang banggoen-bangoen keur dipalikiran sarta rek dibere? Inghale kaperloeuanan bangsa pribumi mah kana luchtpost dienst teu paoek-paoek.

Naha ari keur kaperloeuan perang, poelisi djeung sadjabana asa gararam pang naker ngajakeun tiloe opat milen teh?

Tara loba tjarita deui, gampong-mpleng bae. Teu diugetkeun, ieu Pamarentah kapukna ngalobaan enme ieu, teu pikeun nambahan semangga hiro-p rahajat".

rahajat taroegenah koe atoeran paparentahan.

Kapan tjenah hajang noengtoen, nadjeuna oelah atjlog-atjlogan, koedoe majat, ari ieu, kakara ge nemboengkeun kabajang noe piengkoseunana saratoes rebbe, geus ngalieus. emboeng malire.

Naha koedoe aja kadadian tjara tien '26—'27 bae kitö, oepama rek mere kalonggaran saeutik eutikeun teh?

Djeung engke malioena: keur cam bahau sajala roepa perdjagaan djeung ajeuna majat oekoer ratose riboe teor matak bidji rasa senang ka rahajat. Aneh.

Kabajang teh koe pamarentah di Nagri koedoe diugetkeun, saha noe nemboengkeun kabajangna di Volksraad teh. Kapan tadi ge geus diseboetkeun, ngau semet kaon pertengahan. Ten mantra mantra ari sora si Leutik mah. Oepama kabajangna kaciu pertengahan, noe salawasna aja dina salaudapeudana tjita tjita si Leutik, dikadjeukeun, naha teu kajangna koering roemah, engke si Kaom pertengahan bisa djadi nonggongan ka Pamarentah, hogarasa toegonal, doernih kabajangna noe moenasebat diapi orakeun?

Koe kalalekrek pnoemponan kana kabajang nce teu sabaraha gedena, asa bararese kana balikna deui kaptjajaan.

Keur bangsa "Inl. meerderheid-enthousiasten" (anoe tijotjogan kana ajana Inl. meerderheit) Sanadjan mosi

gaweun Team lid Volksraad koe Pamreutah di Nagri (boektina koe Mastrri Djadjahan) teu ditjotjogan, geusan poeotos pangharepan, teu aja djalona.

Kaom Lentik di Nagri, anoe moal sabaraha bedana rasaanana djeung oerang kawas moal ngantep. Bisa djadi engke maranehanana ngasongkeun mosi ka Tweede Kamer noe sadilan djeung mosina Volksraad.

Lain bisa djadi bae, tapi meureun, pangharepan sabagian oerang dieu, soepaja kaom somah di Nagri ngabe-laan kabajangna Volksraad.

Oerang dedengekeun bae!

Nganoehoenkeun kana djasana Djrg. Moh. Enoch.

Waktoe koempoelan Raad Kaboepaten Tasik, dina ngabdamikeun perkara riolering kota, djrg. Pracidi red,a, wakil Tjiawi, njarios, ngaraos teu tamet ngabdamikeun hal ngotjorna tjaai ti Tjitaroej ka Tasik, oepama andjeuna teu atjan nganoehoenkeun kana kabese-tjaapeanaa djrg. Moh. Enoch.

Djrg. Voorzitter, saoer djrg. Prawira, abdi-abdi teu kinten biogahna, reh tjipta-tjipta oerang Tasik ajeuna parantos meh laksana. Mengkolkeun tjaai ti Tjitaroej ka Tjiloseh parantos dipitembejan; dina taoen ieu keneh tangtos dina oesoem katiga moal kakirangan tjaai. Ti samemuhna djrg. Moh. Enoch soemping ka Tasik, keur andjeuna di Garoet keueh, henteu kirang kirang andjeunna banting toeleng ngilari daja oepaja sangkan rahajat hiroepna tambah senang, jaktos djrg. Voorzitter, eta teh kawadibjian andjeunana tapi noe nohoan kawadibjian tjara andjeunna, noe abdi pribados terang sorangan, teu ngingotkeun soesah pajah, asa bese bahandinganana.

Emoetan, asa langkoeng ti perie, oerang sadja nganoehoenkeun knaudjeunna, kana soegri tarekan dijauh, asa pikeun nambahan semangga hiro-p rahajat".

Toeh geus djol deui satab-sabab noe alansjar, noe tjeuk cerang t-u koe doe djadi lantaran pikeun ngabaakeun kana mosi.

Sabab noe kabidji — ujorangan (afzonderlijk) henteuna ieu perkara —

Djrg. Voorzitter pohara tijotjogna kana kasaoeranana djrg. Prawiradiredja. Oge andjeunna ngantoshoekun sarta njarioskeun lain bae dina dines djr. Moh Enoch, kersa toeloeloeng, dalam diua kuelir oge teu kireng - kirang pepeling andjeunna (weukeu) saperti deskundige pikeun ngamadjoekeun kahardjaan desa.

Djrg. Voorzitter, saoer djrg. Prawira, smoeg moega engke dimana pesta ngabigeakeun tjaai Tjitaroej teh sakalian sareng pesta njalamet-keun djrg. Moh. Enoch . . . kenging noegraha."

Oge djrg. Voorzitter pohara ogarep ngarepna kana laksana pangharepan djrg. Prawira, nja eta pesta bari njalametkeun noe meunang gandjaran.

Djrg. Moh. Enoch nganoehoenkeun kana kasaoeranana djrg. Voorzitter sareng djrg. Prawira, tapi saoerina, djisim koering roemah teu gadoeh djasra. Naon naon noe geus didjalaneun koe djisim koering, estoe kawajiban djisim koering baues bae sapertos ponggawa Nagara, namoeng ogé sapertos djalma ka sasamaua."

Oepama aja noe ngarep ngarep panoedjina Sip. ka djrg. Moh. Enoch moal mangab, lantaran loba teuing patalina andjeunna djeung ieu soerat kabar. Risi, bisa aja noe njeboetkeur, goong nabeuh maueh. Djeung inget kana paribus Walanda: "Goede wijn behoeft geen krans".

Soendana: Barang hade, teu koe-doe dipeodjir . . .

Soerat ideran ti Comite Inl. meerderheid.

Sanadjan rarantjang wet Inl. meerderheid di oerang, di Volksraad geus ditarima, ari di ditoe mah, di Nagri, teu atjan poegoeh. Noe teu tijotjog kana ajana Inl. meerderheid barang tangtoe moal tjtiring-tjtiring, sanadjan taroengna geus eleh, taja petana kana toeoej ngalebleh. Malah koe soerat soerat kabar Walanda oge geus disseboetkeun: 'taatste woord is nog niet gesproken. Hartina teu atjan tamat.

Moal gagai deui maranehanana neangan akal tarekah soepaja koe Rengrengan Rahajat di Nagri poerstel ti Indonesia ditolak. Mangka-mangka moesoe noe sakitoe djaregoeda. Djegoed sagala roepana: soegih koe pangarti, beungkar koe pangabisa, doena baranu teu koerang.

Eta sababna noe matak di oerang ngajakeun Comite anoe baris neroekkeun ngabelaan kaperloean oerang di Nagri, didjorok teu tempatna ngabarempoekeun poerstelan ti oerang.

Noeroekkeun tintungan Comite, koedoe oerang ngiangukeun oetoesan. Sina katembong koe rahajat Nagri Walanda, jen lain ngan omong bae, seukana naumpa wetsontwerp Inl. meerderheid teh, tapi oge nepi ka daek ngalobarkeun oeroenau doen noe keur bangsa oerang mah noe malarat, pohara awernta.

Datala diko-maha. Oelah alang koe-mapalaug. Rabajat Nagri Walanda koedoe diberi paterangan noe tetela ti oerang. Noe baruga kawadibjian di Nagri koedoe bibanggulongan.

Ari noe dijadi C mitenja uja eta.

Pangeran Hadiwidjojo, lid Volksraad voorzitter.

R. M. A. Ario Koesoemo Oelojo, Voorzitter B. O. vice Voorzitter.

M. H. Thamrin, Voorzitter Kaoem B. twi, Secr. Penningmeester

R. G. O. Soebrata Voorzitter Pasoendan.

Mochtar bin Probos Mangkoengnara lid Volksraad, wakil Palemoang.

Abdoel Firmans Gelar Mahardja Sangoepoen, lid Volksraad wakil S. O. K. (Deli)

Landjoemin Gelar Dateo Toemenggoeng, Patih t (er) b. (eschikkung) wakil Sw. K. (Padang).

R. A. A. Soejono lid Volksraad Pangeran A. A. Koe-wakil p. Djusomo Jocdo wa.

Dr. J. Kaligis F. Laoh wakil Minahasa.

Dr. J. Kayados. wakil Ambon. Pangeran Ali, lid Volksraad, wakil Borneo.

Tjokorde Gde Rake Soekawati, lid Volksraad wakil Bali djeung Lombok.

Ari noe bakal dijadi ostoesanana ka Nagri dipoerstel koe Comite:

R. A. A. Djajadiningsrat, wawakil ti p. Djawa.

Dr. G. I. I. Ratu Langi, wawakil ti Minahasa djeung Maluku.

Dr. Abdoel Raejd wawakil ti Soerabaya.

Piongkoseunana ostoesan-oetoesan tea sakoerang - koerangna sacerangna f 3500—aja eta keur ongkos djalan keur poelang auting! 2000—keur ongkos di Nagri Saboelan f 1000—djeung keur babahuan (weli pakuan) dj. dji. t. e. f 500.—

Oetoesan koedoena indit pal ng elat koedoe pertengahan boelan Agoestoes Lilana 3 boelan. Saboelan keur djalan ka Nagri, saboelan tijitjing di Nagri, djeung saboelan deui keur halikna.

Panoehoenuna Comite moega oerang Indonesia pada daek roemadjang ngadeuleun ieu maksoed.

Kagegelanana, gede leutik, bakal ditarameukeun pisau.

Ngirimkeuana pangdeudeul keur bagian Soematra ka djrg. S. B. S. Hamid, Gang Belle 42, Weltevreden, bagian Minahasa ka djrg. A. Mokoginda Salemba 31, Weltevreden.

tendjo koe kolotna mah asa abong abong, noe matak oerang kampoeng mah gigis bae koe doktor teh.

Lain pisan bangsa oerang teh, benteu pertjajaeun kana kapinteranana doktor, ngan eta bae dina prak prakanana, teu ngingetkeun kana adat istiadatna hidji-hidjina bangsa, boek-tina djalma-djalma teh ari ka doe-koen mah di make adatna pitoein, nadjan djaoeh, koedoe ngaloerskeun ongkos gede, teu boeroeng didjoeg-djoeg, ngabroel taja eureunna tjara kiai Bedor di Djawa tengah.

Naha atoeh nja ari ka doktor dines soemawonna si boeloe taneuh, nadjan perjaya oge, loba uoe eiuboeng ngadoea kali, padahal goepmen teh ngahadja ngajakeun doktor kitoe teh keur abdina sangkan oelah tingala-sroek neangan doekoen noe teu posegoeh, lautaran doekoen kitoe teh sok lobe noe ditjamperan djeung ngadjalankeun nipoe.

Kana maksoed goepmen kitoe soemawonna djalma noe aja pangadjaran nadjan noe seboel oge njarahoeun, memang sloes ti loehoeran mah ana prak ka handapna, keur mariksanawareuh mah sok poeraga bae teh, eta-deui sok aja noe kawas njapirkeun deui, ari kanoe daratang menta toeloeng teh.

Loha noe njarita madjar, aneh eta mah toean doktor ane, ari oerang menta toeloeng ka imuhna mah; nja manis boedi, nja apik mariksanaw, teu tjara ari oerang datang ka roemah sakit, mani keroeng keding hangit, mana horeng eta perlawa noe boe-leud gepeug.

Angot oepama diperta datang kala-wan ambtschale ke imah hidji ambe-naar goepmen leutik, kudjeun dibedjaan isok-isok teor noe geringna pajah, datangna teh geus boerit deui sakalian bari pelesir djeung njonjana, atoeh noe rek ditoeloenganana oge geus wilodejng mantan.

Pisakoemahueun njoengkelitna hate anoe menta toeloeng tjara kitoe, sa-dajna oge meureun tisa ngabade, bener doktor teh moal bisa noombroeemoer, tapi tanda doenja, tjiri lulir, memeh adjal koedoe dihiptiaran heula,

Nadjau parentoel roemasakit oge, asa moal matak bener-bener ngawel-na somahan ka doktor goepmen, lamoen prak-prakanana tjara noe di seboet dilohoer mah, hartiua mata doeiteun.

Moega-moega bangsa oerang sing waspada, sing awas kana kakatnahangsa, sarta nadjan teu bir teu walahir, teu kakak teu tjaladi, ngan katalian koe kabangsan, hate mah moelat meulit, miloe ngagodoengakeun soepaja bangsa sing madjoe, djadi doktor dijadi naon djadi naon noe oetama, nja eta sangkan bisa titip diri sangsang bedan, da pirakoe ari bangsa soratgan mah ikles, neung-geul boedak djeung emboeng dipentaan toeloeng koeno gering pajah, nepi ka maotna.

S. M.

Panjsamboeng:
Lebah dieu beda pamanggih. Bisa dijadi doktor dines noe kalakoean tjara noe ditjaritakeun koe djrg. S. M. oge doktor partikolar tangtoe aja noe lamo bae mariksanaw. Tapi sakaterang lain eta sabab anoe pangpangna mah, sabab teu pertjaja ari loba mah doktor noe kitoe kalakoeanana, soemawonna ari noe hampang leungeun mah. Boektina ari geus ngalarti mah kana kamangpaatanana ajeuna geus sakito lobana noe marenta toeloeng ka doktor.

Red.

Tanda tatakrama.

Noeroetkeun "tatakrama" karangan Djeroagan Kd. Ardiwinata, ieu pasal beunang dibagi 3 bagian:

1. Peta atawa kalakocau
2. Basa.
3. Papae.

I. PETA ATAWA KALAKOEAN.

Anoe disebat tatakrama koe pete nja eta: noe dipilampeh koe badan oerang beunang dibagi opat bagian. 1 sembah

2 sila atawa emok, tjanggoe djeung mando.

3 dongko, sampaiong, tapak dekoek, ngorondang, ngagangsor djeung men-dek.

4 ngampil.

Demi njembah tea nja eta ngoelangkeun leungeun kana beungeut, tapi oelah lamo bae, koedoe djeung atoeran. Leungeun oelah anggareosel,

indoeng leungeun pada indoeng leungeun, tjoeroek pada tjoeroek dijst. Ramo noe dalapan nja eta tina tjoeroek nepi kana tjiirggir koedoe sing rapet, ari indoeng leungeun ditjeng katteun. Toeloej dieolangkeun kana beungeut, indoeng leungeun tea sing meneran kana toengloeng iroeung, sar-ta sing meudjeuhna gantjangna, oelab kendor teuing, djeung oelab gantjang teuing. Ari beungeut koedoe rada tanggah sarta madep ka noe di hormat tea. Oelah pisan njembah bari barang tjekek atawa oedoed, tapi koedoe ditoenda heula. Kapakena njembah tea dina 6 roepa.

1. lamoen rek nampanan. Ari nampanan teu tangtoe koedoe koe leungeun katoehoe serta lebali sikos ditanggeuj koe lengeun kentja. Lamoen noe maparinna keur tjalik di handap nampananana koedoe bari tapak de-koe, tjong njembah toeloej nampanan.

Tapi lamoen noe maparinkeunana tea tjalik dina korsi atawa ngadeg mah, nampananana oge nja bari uang-toeng bae, nadjan perloe koedoe ngadegan oge nja nangtoeng keneh bae, ngan koe-toe rengkoeh. Kadjabla lamoen anoe mapariukeuana tea agoeng pisan kapangkatanana, di dieu mah hade dicoek oge, kitoe soleh lamoen teu ngawaloeratkeun boli tempatna boh papakeanana.

2. dina njodorkean, nja tjara noe di loehoer bae, ngan njemlahna koedoe sabadana njodorkean.

3. rek diock. Aja doea roepa sem-bapna, aja noe memeli gek (keur tapak dakoe), djeung sanggeusa diock. Mana bae noe rek dipake sareoa bae.

4. rek indit. Lamoen noe dideu-heusan aja doea tiloe, njembahna koedoe ka menak noe pangloehoerna. Lamoen sareoa pangkatna koedoe ka noe pang sepuehna.

5. dina keur ngomong. Ieu kapakena ngan di mana keur ngomong djeung panggoeng bae, tapi sanadjan kitoe oelab reinen teuing, nepi ka neuarikeun. Djodjoean bae snoe per-loena, seperti dina ngadjawab, pain-rikisan, djeung di mana rek oendjekan kitoe oge ari sakira mindung teuing mah pantjerendang. Noe perloe pisan dina mimiti oendjoekan djeung panggunggeusan.

6. dt mana rek njabak salira menak, tjara dina meuseulan, atawa aja noe perloe ditjukot diua saliranwa sa-roepa sato atawa kekobbel dijst. kitoe deui barang tjkot di pajeoneun atawa noe manggoengan menak, memehna koedoe njembah heula.

Sila atawa emok. tjanggoe djeung manio.

Sila tatakrama benteu meunang pi-san ogademprak atawa ngadjoeng-koeng, soemawonna sila toempang atawa sila toetoeg, koedoe samadjad-na bae. Samping koedoe boeni, oelab tempong bitis soemawonna toeoor. Leungeun toempangkeun kana pingping, nja eta pikeun noelak, ari oerang keur mando. Dampal leungeun koedoe di patjakoepkeun, opat ramo ti katoehoe (tina tjoeroek nepi kana tjiirggir) koedoe di dempet koe indo-ug leungeun djeung tjoeroek ti kentja, nja eta zo-paja babari njembah. Sawareh sok aja noe ramona dipatjorokkeun, eta sa-ensa-enjana koerang pantea.

Emok koedoe ngempeng ka katoehoe, pingping koedoe rada rekepkeun oelab siua patoera teuing, tapi oelab pisan dipatoempangkeun, leungeun ken-tja koedoe dipake noelak di mana keur mando, dijadi awewe mah mandona koedoe rada ngidjing.

Tjanggoe oge dina metakeun tata-krama mah lain deui djeung tingogo biass, ping ping teh koedoe diselodor-keun ka bareup, oelab siua betol kana beuteung, ari noe napakna ngan ramo soekoe bae, biit saugge koe doea keuneung, leungeun toempang-keun kana pingping. Tjanggoe kitoe tangtoe moai koeat lila-lila, lamoen kapakna koedoe rada lila, hade toeoor antekeun kana tateuh pikeun naham djeung leungeun meunang oge dipake moestang atawa noelak.

Sakoe maha noe geus disebot di loehoer, sila djeung emok koedoe di-barengan koe maudo, kadjabla moen-kesel selang-selang meunang oge diok adjeg. Kitoe oge oelab gantjang-gantjang njebot kesel.

Lamoen tugarasa tjangkeul meuen-san, hade leungeun katoehoe ditjekel-keun kana leungeun kentja letah si-koe, ari leungeun kentja kana leungeun katoehoe, toeloej mando ditoleak koe-sikoe doea.

Mando tel oelah pisan moeroek-

koeng. tonggong koedoe dilempeng-keun.

Ari dioek dina korsi tatjan aja kantangtoeanana anoe pasti. Lamoen ngingetkeun adat Walanda soekona koe doe diroembajekun, tapi oepama ngingetkeun kana ngadeuheusan menak, pantesna koedoe sila. Tapi koe sabab tatjan tangtoe tea, leuwih hade dipa ke doeanan bae, ngan patjoean oelab rek oetjang-oetjang, atawa lelengga-

D ngko, sampaiong djeung sabatoerna.

Eta ketjap-hese pisan diterangkeun nana, leuwih hade nendjokeun bae so-rangan koemaha petana. Kitoe oge sanadjan geus ngarti, ari ngalampah-keunana mah hese keneh bae, sok koerang rengkoeh, ngan koedoe koe biaha bae. Koe sabab eta teja deui akalna ngan koedoe mindeng tjampoe djeung menak.

Dongko anoe kaseboet sloes, lais angka ongko tjara noe barang teangan atawa dongko tjara somah oerang sis-i, soemawonna lamoen make koe leu-ngeun, goreng katjida. Ari noe hade teh leumpang biasa bae, ngan koedoe dedepenan rada miring. Ari makanan njaesta lamoen oerang tepang djeung menak di djalanan, auoe teu koedoe di-pangdioekkeun, atawa ngaliwat ka pajoeneun menak noe keur ngadeg. Sanadjan ngaliwat ka menak noe keur tjalik oge oepama roesoeh atawa di djalanan gedé, hade dongko bae.

Oepama rek medekan ka menak, leumpang teh koedoe njampojong.

Dimana oerang keur ngalslajanan atawa keur sasapoe di pajoeneun menak tjtjingga koedoe tapak dekoe.

Namoen ngaliwat ka menak noe keur tjalik di boemi, atawa dipiwarang ka pangkoleman. leumpangna koedoe "tapak dekoe, ngorondang atawa gengsor,

Lam-en rek ngadeuheusan ka m-nak loehoer, ti kaanggangan keneh koedoe rengkoeh. djeung oepama oe-rang patangtoeng - tangtoeng djeung menak di djalanan, oelah tjeuleungeung bae, tapi koedoe rengkoeh.

II. Basa.

Basa noe dipake ngomong ka menak, nja eta "basa lemes". Dina el-moening basa disebotkeun basa lemes teh aja tiloe roepa.

1. basa lemes pisan, nja eta anoe sok dipake ngabasan ka noe agoeng.

2. basa lemes biasa, paragi ngaba-san ka menak noe meudjeuhna.

3. basa lemes keur ka sorangau, seperti "dongkap."

Tapi henteu anggeus koe basa lemes bae pikeun ngomong ka menak teh, koedoe dibarengan koe leutong, tea roepa-roepa, oeroetkeun satempat tempongna bae.

Lentong teh matik ngalemeskeun kana basa, soemawonna lamoen ngingetkeun jen basa Soenda teh henteu kabeh aja lemesua, djiati leutong teh benki perloe bae.

Djaba ti eta koedoe diingkeun deui, lamoen oerang ngomong djeung menak, soara teh koedoe leulenj, oelab bedas teuing nepi ka ngareng-koepan kava gentra menak, djeung oelah lamoen teuing nepi ka teu kada-ngeun.

Oelah pisan ngomong bari senseuri an atawa imoet-imoetan.

III. Papae (papakean).

Ari papakean mah ten aja patoka-nana, asal, oemoem djeung batoer, loem brab djeung sasama; oelah tjiri gib leulewuh, nepi ka matak kaget batoer, maroekan wajang cewong atawa panganten, beh ditoeuna disang-ka koerang djeung pikiranana.

Pokona pisan mah koedoe bararesih, kantting atoe diparet, kadjabla lamoen badjue boekaan mah, tapi sarat koedoe didasdi oelah bolongor. Bendo djeung samping pon kitoe keneh, koedoe beres raprapanans.

Toetempakan kajaning: taroempah, salampak, selop, sepatoe djeung saliana, ajeuna mah geus teu aja laranganan, beunang dipake, asa nguekoer ka koedoe, nimbulang ka awat.

Pikeun prijaji mafit geus aja kantangtoeanana, da gens dibakoekan aja kostim leutik aja kostim gede. Tapi sanadjan kitoe prijaji slam ajeuna mah kaliobaanana rarasep ngoeir, anging tsimoen dina dines.

Alam ajeuna lamoen ngadeuheusan ka menak, toetempakan teh betara didijengdjing tjara baheula, tapi koedoe dipake bae, nepi ka empor-

atawa gulodog, ngadjaga soepaja soekoe oelah kotor, matak ngotoran boemi anoe dideuheusan.

Nja kitoe deni topi teu koedoe ditjoeplak ti kadjaohau keneh, soemawonna moen panas atawa boedjan mah, tapi di mana geus deukeut' ka boemi noe rek dideuheusan tea bae, perloe.

Lamoen prijaji mah dina ngadeuheusan officieel (mimiti) koedoe make kebat hadena mah, ari badjoena hadjoe toetop, boh bodas boh hideung.

Disaoer.

Lamoen oerang keur leumpang di djalanan, disaoer koe menak, koedoe gentak njampurkeun bari njampojong, topi ditjoeplak, didjingding atawa ditangkeup, oelah dicek, nangtoeng bae tapi koedoe rengkoeh, djeung di djalanan mah teu koedoe njembah tjara noe kaseboet di loehoer, ngan di mana aja noe ditampuan atawa disanggakeun bae.

Di raujeunna aja pangagoeng anoe njandak njarios di djalanan di pasampangan, lamoen teu matak ngawaloeratkeun, hade diadenan dari tjiungo, tapi peta kieu teh tangtoe tjarrang lengka pisan, kadjabla ti djeung pangagoeng anoe loehoer pisan. Oempa oempa metakeun ieu anggah oeng-geob, nja nilik diri pribadi bae.

Tepoeng djeung menak di djalanan.

Oepama menak tea toenggang mo bil kahar djeung saliana, oerang tjeoe koedoe tjiisi bae, bari njoeklak topi (doedoekoej) sarta oelah mitjenu beugeut, bisi dipadjarkeun emboeng di pariksa. Lamoen teu make topi tjeoe koedoe ngarengkoehkeun awak bae. Tapi lamoen pada bedarat mah ujisan na teh koedoe njampojong.

Papatjoean naros lamoen maratabat orang teh gede pisan ta-paoetna.

Lamoen oerang keur toetempakan arri menakna badarat, teu koedoe toe-ron tjara baheula, tjeuknep koe dongko bae. Nja kitoe deui lamoen pada toetempakan,

Lamoen kabeneran leumpang paing-ing djeung menak, oerang oelab miheulaan. anggoer ngadeukeutan njiing antjewuna, kadjabla lamoen perloe koedoe leumpang ti heula mah, tapi sarat koedoe pamitan. Lamoen meneran ka noe teu wawoeh mah tjeoe koedoe leumpang thalibir bae.

Leumpang babarengan anoe handap pisan salaw-sna koedoe ngiring ti pan-deuri, rada njengsol ngentja, tpi lamoen teu sabara bedara martabatna mah, ngarendeng bae. tapi noe ti handap koedoe kentjaun noe ti loehoer.

Sapandhang leumpang di latarna, oelah ngagandeung, tapi koedoe sing sawadjerna, lamoen geus deukeut pi-san koedoe rada njampojong.

Sadatanga ka dinja, kadjabla lamoen katingalieun koe noe rek dideu-heusan mah, koedoe menta dioendjoek keun ka gandek atawa oepas, lamoen teu aja salasaoerang koedoe ngadagnan dina tempatna bae. Lamoen karsa lila teuing, meunang dedeheunan atawa babatoekan.

Prak-prakanana di mana geus disa-er nja tjara noe geus ditjaritakeun tea bae. Sadjerongan ngadeuheusan tea, oerang koedoe ampeh loenggoeh oelah roeroet reret, sagala ditjoo, sa-gala ditendjo, tapi koedoe toengkosi, sarta ngomong oelah tjiowong teiing. Sakoer noe dioendjoekkeun oelah

tjetjek botlek, omongan dhorang koe doe didjaga pisan. Seuri oelah ngaba rakatak, koedoe dipengkek.

Dimana batok atawa beresin koedoe ditoetoepe

tanah oepama eta tanah di sangga keun ka Contrak, sanggeus somah njarita kaberatanana koering njarita kieu, hude koering bade cendjoekan noeloeng ka sindjeun tapi oelah age rakeun oelah njilukakeun djeung oe pama eta tanah teu toeloes, arandjeun sanggoe kateinpoehau narime eta tanah, pisanggeuna "sanggeun". Milah aja 121 koereu anoe tatajan gadoeh ta nah milik.

Nja koering bareng ngadeubeus ka Kangdjeng Assisten di Kawadanan Bandjar, moeng djoeragan Wedana seweng, abdi didinja oendjoekan xieu : Margi abdi dalem doemeuheus ba de aja noe kaoendjoek sareng njang gakeun paneohoem ti ieu abdi abdi sadaja.

Dawoehan Kangdjeng Assisten ari bapa Ardjo cerang ma' a? Soemoehoen cerang Bandjar Geun ig tjam-poer djeung cerang i ipara? Wihet eta bae neda toeloeng .. abdi dalem njoechoenken kaoendjoek saeko noe aja dina pikiranana, sareng oepami piendjoek abdi teu tjotog sareng so m-h noe neda toeleng, audi sang goep nampi boskoemen.

Dawoehan Kangdjeng Assisten: Tja mat kasih korsi toest pa Ardjo, dan pa Ardjo tida boleh bitjara, sebat ini orang bagian saja dan Tjamat boekan begian Raad Kabeopaten, pa Ardjo mengerti saja djeoga tida bisa toeroet bitjara di Raad Kabeopaten, tekaran Bapa Ardjo bole doedoek, dan dengerkeun saja poenja peperiksan, abis iji boleh pa Ardjo bitjara sanpe 1 djam sampe mesoek di saja poenja cetek i tidiunja ngawitan marik sa ka Loershi Tjiparaj.

Loerah? itoe tanah jang sekian baoe watesna anoe anoe anoe (poho Hr.), di pinta oleh Onderneming Binangoen apa ada halangan boeat orang orang Tjiparaj?

Dawoeh gwesti abdi goesti parantos kempelan, abdi abdi goesti anoe teu mikeun aja 200 abdi. Dawoehan Kangdjeng Assisten, ah ija itoe nama nja koempolan ja Loerah? tapi jang dateung di tempat Loerah tida mengasit:ken berapa orang ?? Dawoeh gwesti moeng ieu bae poen Alnasim!

Dawoehan Kangdjeng Assisten, ja djadi tjema satoe orang jang ada halangan apa ada halangan sama Onderneming Binangoen? Dawoeh goesti!

Tret tret tret bae di toelis tjema satoe orang,

Ladjeng sim koering permisi oendjoekan! namoeng di tolak, dawoehanana pa Ardjo! Saja tida marah tapi pa Ardjo bole doedoek tida bole bitjara.

Oendjoekan koering sareng dawoehan Kangdjeng Assisten noe ngalih ka Tjilatjap saterasna teu tiasa di moest didieu.

Moeng sawates ieu bas koering ujarios teu hal ieu ngan gadoeh tjipta baris diendjoek di Raad Kabopaten.

Nja dina koempolan Raad Kabeopaten koering njarita kieu, sareng kaleresan Kangdjeng Assisten aja gedjeneun Djoeragan Voorzitter (Kangdjeng Dalem).

Djoeragan Voorzitter sareng hormat Sanget sanget paneohoem abdi oepami Pamarentah baris mararinkeun tanah ka onderneming njoechoenken dihamikeun heula di Raad Kabopaten, margi pamarikeaan Kg. Assisten ka Loershi Tjiparaj, kakooingna koe abdi Kirang-raosna, Stop stop dawoehan djoeragan Voorzitter, enggeus djoeragan Hardjo eta keus datang ka kami keur dioeroskeun.

H. Proewito

Wang keretas f 20 palsoe.

Bank Djawa mere bedja jen aja wang keretas f 20 palsoe. Tjiri tjirina

1. Beulah hereupna oepama ditendo saliwat mah siga saroea. Tapi oe pama ditendo enja enja katjiri teu saroea lantaran roepana koerang tandes, komo gambar gedong Javabank laas pisan koerang tetela gambar ti hangna pager salih, lantaran teu ma ke perspectief. (*) Langit loehoereun gambar gedong tea kasar djeung rotjet. Koepana henteu superti wang keretas noe toelen.

2. Aksara aksara ketjap "Batavia" aksara aksara djeung angka angka tang gal henteu saroea gedena djeung ben teu beres madegna.

1. Beulah toekanga meh saroea, tapi roepana henteu tandes nya kitoe migawena koerang aloe. Roepa

pia djeung euweuh kalangkangna (poek djeung tjaang),

Dina wang keretas noe toelen mah aja poelas kalangkang teh.

2. Wang kertas palsoe f 20,— mah leuwih gede (roebak) sareutik batau toelen.

Keretasna koerang hade batan kertas wang keretas noe saenjana.

K-hade atos atos dina nampi wang keretas!

(*) stoeran aja gambar beuki dja-oh beuki leutik.

Wartos ti Administratie.

Aja keneh bae noe noeng gak.

Artos langganan kwartaal ka II 1928 enggal ping 2 a 3 Juni kintoenkun; seep waktosna.

Langganan noe keukeuh bae teu kersa majar toeng-gakanana moal dikintoen deui Sipatahoenan.

Lg. no. 813. N. Nandoeng. Poedjastoeti teu terang, njeratan sing te tela.

Lg. no. 613 R. A. Wd. Tjidaoen. Tjobi taroskeun ka post Soekanagara oepami Sip. teu katampi.

Lg. no. 991 M. B. B. Poerwakarta. Koemaha Sip. katampi? Ti barang nampi serat oge, ti Adm. mah Sip. dikintoen.

Lg. no. 950 Os. Ks. Dagoweg. Postw. II. noehoen katampi.

Teu kaharti.

Mingkin lami, mingkin njatoe ati soesah koe sababna, lantaran - ki sabab teu bisa neumbongan nembongan utjan.

Eete! kadadian April tea, goeroe desa sasdeeling Garoet lanta ran ten digadjih sabolan April 1928.

Moenggoeb koering m-h katjida pisan teu ngartina teh, kieu anoe matak teu ngartina teh, bet asa diheu-reukeun.

Barang setti! soesoekan dipendet basa boelan April teh, ratoeg taroet-toenggoelang angen goeroe goeroe sa Garoet teh, geura bae mangga garilih, keur ngeunah ngeunah leumpang dina djalen anee panas (ganggarateun), djoldol gedjrot bae, aja noe ujentroengkeun, nja reuwas, nja ejeri toeroeg toeroeg papakean roeksa saroeh, lain matak toegenah ar. kitoe?

Masih moen kagedean teuing mah ngagadjih goeroe desa teh, ieu mah keur sahoeap paraj teh, lajoh dipendet atoeh laoper, neureujan tjidoeh (toeng andjeun).

Tjenah teu di dibere ngindjeum tina doest kahoercean djeung tina doet pasar, ugarnana ge beunang ngindjeum ari ngindjeum tea koedoe dipolelangkeun djadi bae April mah lowong.

Da apan eta tjenah tina "poer rek diabterkeun, da koe emotan koering mah teu aja bedana, poer da tarima jen boga hoetang, moal nepi ka teu major teh, atoeh sieun meureun, ahtor atoeh nya kitoe, teu boga hoetang, lain semi ari kitoe?

Tapi nadjan dipoeok koe bingoeng,

disanggara koe soesah oge, nja teu boeroeng bae aja pitoeloeng anee ngoebaran kana hate para kantja goeroe goeroe desa, nja eta Djr. Eng-zwidjaja (-oersitera tina P. G. D.) aja geuning kawanina, makeanen ngadéubusan ka Dept. Onderwijs,

toeroeg toeroeg tjeuk andjeunna dikaboi kahajang goeroe goeroe desa teh, nja eta dina boelan April 1928 teh, bakal digadjih samistina, lain goeroe goeroe desa bae anee tarerangeun jen audientien Djr. Engka basil teh,

memang seueur anoe parantos tar-

rangeun, malah mandetna keur gadjih April teh saoer Djr. Engka prantos sajagi; padamel di onvanger ge njaras, jen gadjih gadjih bakal dobel dina Mei teh.

Tapi proeng dina Mei lain dobel, anggoer teu aja seprapatua, nja eta diapeke major hoetang, kana dooit kahoeroean tea, noe $\frac{1}{4}$ gadjih teh teh, lain ngegel tjinngir gueroe geeroe desa teh?

Kawasna nja di dieu bosktina koedoe sabar pasrah lillahi Taalla teh, tjeuk Djoeragan T. B. T. O. tea mah.

Tapi koemaha? teu beunang dipak sa koedoe salih, ngelik mah ngelik bae, malah tjeuk Ambroe Haen mah: ngelik arit, ngelik keneh arit aing tjenah.

Tah! koe kitona djoeragan djoeragan! geura mangga garalih, ari bade njabar njabar maneh, da bongan aja jalau pikeun, nja eta audientien dji. Engka hasil, tapi boektina anggoer teu aja $\frac{1}{4}$ na, tadi tjenah mandat keur April gens sajagi, mana boektina?

Di mana eta mandat teh mendetna? Naha moelih deui ka girang?

Ari sasrina mah da sok hese, padid ti hilir ka girang mah.

Al, meureun tjan dipalideun bae kitoe ti girangna noe matak teu aja bae teh?

Doeka atoeh da koering mah, 1000 hingoeng, 10000 heran, nilik saroepa kitoe mah, heug bao matak seuri koneng da toesang diahe, djeung rada panas biwir deui ongkok.

Anggoer heug bas soeumping parentahan koedoe moesapir ka djalma djalma di desa, tjenah keur noeloengan dji. goeroe desa doemeh boelan April teu digadjih, baaar! atoeh ieu mah noe borok dirorodjok, da sahutuna Haen teh meureun nanjakeun: keur nkon perloeno mentaan dooit teh? tjenah keur noeloengan goeroe goeroe desa doemeh teu digadjih tea; tangtoe Haen teh njeuleukeuteuk, sabab padjeg pangasilar 1927 ge tjan loenas, geus djol deui bae rorongo.

Ali noe kitoe mah palias djadi, karoenna ka Haen Haen.

Ngan pamoegi ka noe adil teh, sing bener dioksa bae, palebah mana ieu perkara teh doedoekna?

Toko KHOUW SIAUW SENG

(Toko BENG).

Tasikmalaja Telefoon No. 2.

Sajagi Karet Mesin Simplex sareng sanes-sanes Merk Europa, Band-band Auto Merk Goodrich, Michelin, Goodyear, Dunlop, sakalian sareng parabot pikeun Auto (onderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) sa-perti Bureun, hedjo, blao, koneng kolot, bodas sareng nganggo strip roepa-roepa, aja deui anee nganggo letter monogram koe aer mas, sse pi-sani pikeun soepener.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch)

ane marcel, roepa-roepa lampoe batre, anee parantos kasohor kakewatana, dina waktos ajeuna kui ramie pisau anee ngarangge bedil angin (windbuks) pikeun plesiran, nja eta keur bladjar nembak awatah keur manoke, badjing, tjareuh, gangarangan anee sok ngaroekek kana pipila-aran, heulang, kalong, sareng sadjabiti eta sato-sato anee ngaroekek, tang-tos taaeng kenging koe B. S. A. tea

Lantaran teu nganggo vergunning, noe mawi di sajagikeun njondong 3 roepi anee kaliber $\frac{1}{2}$, sareng $\frac{1}{4}$,

nja eta merk B. S. A. anee masheer kakiatanana sareng saona, pelorna snjagi tjoekoe, sadjabiti ti eta, sajagi roepi roepi Eetservies (stelan piring makam) anee pikeun 6 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjeng) Westminster, erlodji anee sa-

rae, peso silet peso tjoekoe goenting mesin anee parantos masheer kasa-anan, njondong roepi roepi oekoe-ran filter (saeringan tja) pikeun ngajagi kawarasen, awatah kasehatan.

TECEL FABRIEK

"NAJA"

Genoengabulah Tasikmalaja.

—o—

Sajagi roepi roepi tegel, te ton buizen (koeloewoeng) sa reng beton roosters.

Pangaos sareng kakiatan ditanggel ngabingahkeun. Prijs lijst sareng monster tiasa di poendoet gratis.

Noe ngadhang ngadhang
S. Najawilaga.

Nembe medal:

Goegoeritan pangadjaran ngadhangding f 0.07

Kalepetan poetra, desana iboe ramah f 0.50

Rasiah keesir II f 0.45

Neng Hajani f 0.50

Nampi padamelan tjtakan beekoe-boekoe.

Toko en Drukkerij
"PASOENDAN"
Tasikmalaja.

Koto Bedeng Makarij

HALIM

West Pasar straat 16 Bandoeng

Salamina njajagikeun ketoe Bandoeng tina roepi-roepi batik Tjiamis Solo Banjoemas s.a.t. ngawitan pangaos f 2.25 1.25 f 2.— f 3.50 f 5.— sareng saterasna noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 2.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng f 2.—

1 Oedeng didamel 2 ketoe Oedeng f 2.—

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandaran Bandoeng pangaos f 2.50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan ngangge. Adres anoe diloeheer ieu koehan.

Najagikeun deui roepi-roepi batikan, noe sare noe kasarna paoepi-roepi pangaos: Kemben, sindjang énz. wedalan Tjiamis, Tasik, Banjoemas, Djana enz.

NGANOEHENKEUN.

Hatoer sewoe noehoen ka Djoeragan EBOD Gedipl. Vroedvrouw di Djalan Paledang Bandoeng, parantos ngoeroes sareng sapoeratina nalika poen bodjo ngadroeroekan poen anak lalaki.

Indoengna sareng orokna waloeja teu aja sakaza kera.

H. J. SCHENK
Bouw Opzichter Strafgevangenis
Soekamiskin Bandoeng.

LELANG KAJOE.

Hari kemiis 14 Juni 1928 poekoe 9 $\frac{1}{4}$ pagi di roemah bola Galoenggoeng di Tasikmalaja dari:

a. 120 M³ kajoe djati ada di Bandjarsari.

b. 4 tempat poehoen taoen jang masih berdiri; blok

1. Karoengroeman IIa. seblah Wetan Kaler dari Nagrek.

Ditaksir ada 3 M³ Ie. kl., 76 M³ 2e. kl., 39 M³ 3e. kl.

dan ± 586 elo kajoe bakar.

Limiet f

Naha djr. Engka anes ngaboeboengah? atawa mandat aja noe njabet di jalanan? keur noem pangang ngadoe koeda kitoe? Tapi sagedu da mandat ieu mah meureun moal pajoe ka samarangan toko, lamoen ditokkeun keun tea mah, kadjaba moen ngagungan kas, tangto ditampi.

Moegi moegi ka noe wajib sing kersa ngeroeskeun noe saroepa kieu, soepaja hoerip goesti, waras abdi tjeuk oedjaring tjarita tea mah.

Da oepami dikabbel kahajangna mah moal gendjlong-gendjlong teung hatena goeroes goeroe safsdeeling Gaoet teh.

Ajeuna beh deui bae bedja jen di Bandeong mah teu aja kadjadian kitoe, kapan tjeuk oerang Gaoet, 3 afdeeling tjenah noe teu kenging gudjih boelan April teh, Bandeong, Gaoet, Tjiandjoer.

Lamoen enja Gaoet woengkoel noe kadjadian kieu teh! pisan heranna teh!

Mangga njanggakeun, noe wajib geura berecar ieu perkawis teh, nelah sina ngarant abang pikiran (goeroe Goeroe desa) teh, nia mikiran April, nia mikiran pagawean, na riweuh riweuh teuing, abong ari didago kuha palerna mah, beuki katjida bae teu goenana audientie teh.

G. d.

Pikeun toekang moro.

Jachtacte baris diwadjabkeun koe doe boga.

Ti Directeur B. B. geus dikirimeun soerat ka oenggal resident, anoe kieu oenggeina:

Noeroetkeun laporan salah wahidji resident, Jwaktoe mariksa noe njaroeboneukeur ngagadehan, noe rek ugagadehan, noe rek ngadjojal djeung noe rek meuli ti noe sedjen, kanjahoan jen ngan dina rekesanana woengkoei pikeun moro tea mah. ari saenja enjaua mah sihoreng keur pangdjaga pakarang) di imah, dijadi pikeun uga djago awakna sorangan.

Bisi rea noe ngalanggar sarta teu ngalanggan kana kaolinan—koe resident-resident koedoek dikajideun jen noe rek testeh lamoen atjan boga piagam di djeru 7 boelan sanggeua nam pa pas 'ngabogaan' bedil, koedoek retesteh teu ngalanggar sarta lamoen teu boeroe noeroe menta pas tea laris ditjabot bae.

Ieu teh noe ditujuedjel soepaja, noe rareket bedil anoe pibahjaeu dipake moro. moen katimbang pikeun noe mentana teu perloe, laris dibuangan.

Euge kanjahoan, sing saha noe rekest menta ngobogaan bedil noe di anggap bahaja tea, baris diidinuan, shir-abir bet teu dipake moro.

Padjeg sendjata apl.

Dina koempoolan Volksraad, 8 Juli 1927 Regeering geus djangdji rek mrikesa noe geus di djalaueun tina hal padjeg noe kaseboet di loehoer. Koe laporan resident-resident kanjahoan jen ngan saeutik pisan noe rem poeg ugajakeun pacjeg satimbang djeung noe rempoeg, menta soepaja tetep di ajakeun eta padjeg.

Djaba noe geus mere advies soepaja disina majar sakai, dina oenggal oenggal taoen, aja deui noe ngadvies soepaja netepan kana madjeg sarta ngabebaskeun (ngorangan) sawareh padjeg.

Koe lantarana kitoe Regeering haris noeroetkeun padjeg bedil oemoem nia eta koe ngabebaskeun noe:

1. Bedil tjoefphis.

2. Ngabebaskeun anoe koedoek majar padjeg bedil, enkel at. dubbel glad loopgewer, lamoen perloe pikeun ngadjaga hamu.

3. Ngabebaskeur padjeg-padjeg paeroe anoe ngabakoe (anoe hiroepati dinja), enkei at. dubbel gladloopgewer.

4. Ngabebaskeun sakoer noe boga, pikeun pagaweanana saperti politie, djet, katinbang perloe bogana,

Ieu hal baris dibadamikeun deui d. na koempoolan Volksraad sarta baris ditetepekeun sabaraha koedoena ditoe-roeukeun.

Ka sawareh anoe boga panoehoen jen soepaja dibelbaskeun tina padjeg na pikeun pangdjaga kasalametanana Pamareutah taftan bisa ngarempoegan lantarana patali djeung politiek sarta finacien.

Koerang leuwihua ngabebaskeun noe tadi tea kira-kira aja f 150.000

Congres P. N. I.

di Soerabaja

Dina tg. 27, 28 boelan Mei di

Soerabaja diasjakeun Congres dida-tangan koe ± 1200 djelema.

Dina medja bestuur aja Ir. Spekarno (voorzitter, Dr. Semsi, Mr. Iskak djeung Ir. Anwari).

Noe dipedar njaeta maksoed djeung toedjoeana P.N.I. Mr. Sartono ad vacaat di Batawi nerangkeun werk-program P.N.I. soepaja laksana noe diseuja taja lian ngan koedoe mertja-jaeun tanaga sorangan Cultuur (nga ma at. kabangsaan) oerang koedoe di agoengkeun njaeta piaringeun lamoen lemboer oerang diparantek koe bangsa cerang sorangan, oelah noelnejkeun oerang noe teu poegoeh.

Adat istiadat oerang koedoe diome an koe cerang. Hal economie oerang koedoe diomean, njaeta koe ngadeg-keun bank sorangan.

Tina hal onderwijs P.N.I. boga toe djeoean soepaja ugalcearkeun soerat kabar merdika, merangan hal njan-doeng ngalarang Ingawinkeun boedak ngamatad djeung mahok.

Oetoesan P.S.I. nerangkeun jen P. S. I. bedana ngan piteun noe agama Islam woengkoel, ari P.N.I. keur sa kabeh Indonesiers.

Sakola Hakim

Dina boelan-boelan ieu Mei, ieu sakola geus dipangmatjakeun telekin, lantaran „S. h.” ti doenja, moelih ka djeti moelih ka asul.

Pikeun sakoeeringeun mah sanadjen geus aja gautua oge, anoe leuwih loehoer leuwih sampoerna, da dipamis bheah gintoeng tea, teu weleh nineung teu weleh tiblat ka Nji Djenat teh; nineung tiblat koe teu tempikatanan, boedak kieu, boedak kitoe teh, bes boes bae, langka dipogoganana. Geuning boekti, dina wak-toe noe sakitoe sakeudeunana goemelar, koerang leuwih 19 taoen, sarta ngalobearkeun 12 at. 13 kail, mani rajep oge rechtsekundigen teh, malah matah anoe araneunana karageungan titel Mr. oge, meh kaneh ti idjilau Rechtschool, Nji Djenat, teu bae.

Djadi djasana Nji Djenat kana ngadjoekkeun oerang priboemi, lain loemajan, estoek koedoe ditarimakeun pisau koe oerang teh.

Bareto bisau . . . euen toekang naker moen teu poho mah, koering geus medar oge tina hab sakola tinggi, uan voor—ojeung nadelina keur bangsa oerang. Eta pamanggih koerring, bet boekti, kalakonan ajeuna teh. Jen sidik aja Rechtshoogeschool teh, ngan djigana bad aloses, ngadjoekkeun ka Indonesia, sarta buris oemponan kaus kaperloeanana, tapi ari boektina ajeuna . . . , koemah?

Anoe geus poegoeh bae, sarta djoel ti pamarentah bedjana mah (noeroetkeun roepa roepa soerat kabar), ajeuna dina oenggal-oenggal taoen batik kakenongan 20 rechtsekundigen, anoe biasa ditjoenpanan koe rechtschool. Ieu teh bakal ditambalan koe sambangan bae, suue sakira kira tjoekep tina elmoek kahakimanana.

Tjeuk koering meureun, satjnekoep-na bae, da teu meunang pangadjaran anoe baner tina bab ieu; sahadena. Moen diseboet lapmiddel oge moal kojo, da enja.

Tjenah eta bisz katjoemponan koe ti sakola lohoer, boloampar; kapan Iul. Studenten anoe ajeuna oge, beudang dibilang peuteuj, katoeroeg toeroeg memeh prak oge ngalobearkeeu, ajeuna geus djadi tjarita.

Meureun sareera oge anoe shli kabar mah geus eroeninga, jen Curatoren teh parantos njeun voorstel ka pamarentab, soepaja liliha diadjar di Rechtshoogeschool, didjeun lili taoen, sabab ten bisz kautjek ari dina opat aboem mah, sarta pangadjaran basa Latijn oelhdhiw.djibkeun.

Sala sanerang student parantos tegenu kaus ieu voorstel teh, madjarkeun teu aanmoedigen ka studenten, sabab pangadjaran leuwih lila, leuwih hese ti batan di nagri, exameneuna nja kibet keneh, tapi ari diadjenanana (hargana) moenggoe di panon publik, taugoe koerang ti batan anoe djoel ti nagri.

Djadi kapalajoe satoeden satoeden mah, tinimbang ditambalan waktoena, angoer roepa roepa vakkien djeung eischen exameneuna saroeakeun djeung di nagri. Sabab lamoen kadjadiu sakoeumaha voorstel curatoren teh mah, taugoe joba Studenten anoe ninggaleun kalungen, teroess dialadjar di nagri, anoe leuwih enteog dilakonanana toer hargana leuwih mahal.

Toeh . . . geuning, geus djoj bae roepa roepa halangan teh, beuki

teu salah bae omong koering bareto teh. Komo moen diingetkeun saha djeung sabaraha noe asne ka eta sakola tinggi mah. Beuki sampoerna, kanjetjoedanana!

Geura bae etang! Oepama lobana, dina satuan kisa njeun 4 Mrs. priboemi ti eta sakola, meureun hajing boga 53 siki teh, koedoe dina waktu 13 taoen leuwih. Tapi ari ajeuna, noe geus boekti, dina wak-toe s. kitoe teh lain bae bisa ng-jakeun 53 Mrs. bae, tapi rechtsekundigen sakitoe balatka.

Lamoen kongang mah koering ogomong, djaoeh . . . leuwih hade Nji Djenat titaban sakola tiuggi noe ajeuna mah, lamoen toelatingna berperkt tjara ajeuna, sabab ngan oekoer „djiga” dibateunana teh, da ari batiora mah roegi sabehditoeun ti roegi.

Mangga bae maranahan!

Oca Nauy.

,Sakela desa”.

Ti kapoeukkoer oge sim koering mah teu weleh ugarep ogarep, jen Pa mareutab bado ngajaan sakola desa di kampoeng Pisangan Gaboes (Bekasi), kwoewoehan ajeuna parantos dimel, manawi moal lami deui oge raunge, kantoin pasang keteng, vloer sareng bilik, parabot sakola sapoeratina parantos sagala, malah ajeuna oge aja di Lid Iul. Schoolcommissie nja eta di Djoeragan Wadana.

Sim koering teu kintek ngiring atohna, njeoen ka Pamarentah reb andjennuna parantos merlock-un ngajau kaperloeanana si Lentik. aja eta sakola desa, toer ajanu dina tempat anoe meudjeuhu pisan tebih ka sakola kelas II noe aja di district Bekasi. — moal boa tangtu seueur moeridina, nilik di eta kampoeng sareng tataunggaca eta kampoeng anoe tjaek seueur pisan baroedak pimoerideun anoe teu atjan letet sakola.

Namoeng panoehoen sim koering sa memeh eta sakola diboeka teh, koe emnetan perloe kedah ngadamel la heula kempelan sareng somab-somab, bahakona Inlands Schoolcommissie sareng lid-lidina, anoe kedah ngadamel kempelan teh, moega-nica dihartikeun ka bapa baroedak kaperloeanana eta sakola, sing doegi kahar tina margi hilis kadjautenan sapertos sonah Tioekpoetjoeng, anoe kenging dissebatkeun njaautong sakola klas II, namoeng ditingalus teh sesah pisan dipadjoekunana, da eta sapertos noe dijadi bapana kirang ngartosna kaperloeanana sakola, kalah ka heug bae aja basana: „Bakal apa ada sekola, toch tida nanti djadi prijatu, anggoeran sih taoi adja, ada goenjanja”, tjobi doegi ka kitoena, padahal Pamaren teh noe mawi ngajaan sakola di oenggal tempat, sanes pisan ngarah djadi pangkat, namoeng maksoedna kango ngamadjengkeun rajatua sangkau dja di ngarti, satiasa-tiasa ngadjuga celah doegi ka kenging dibobodo koe Tjina atau-pi Arab,

Tioekpoetjoeng teh kenging dissebatkeun tataunggaca sareng sakola Bekasi, tangtus noe djadi bapa baroedak kedah leuwih ngarti batan bapa baroeck di Babelan, sedeng patenpatana laukkoeng tebih ti Tioekpoetjoeng namoeng sakitoe gegekna, estoek repah rupih, teu basa kitoe kieu.

Samboengeun.

Schoenmakerij en Glasmakery

„Malah Mandar”
Stationsweg 21 Tasikmalaya.

Tissa nampi pesenan (kengkena) ngadamel roepi-roepi raksokaan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tissa noemoetkena sakoeumaha kapala, sareng diajagiken roepi-roepi lawonna.

Oge njaajigan slop-slop, sendal-sendal spatu-spatu ketoe edeng model Djawa sareng Soenda Kopeah bosloedres noe kasar sareng noe sas.

Hoermatna noe ngantos
pesenan poen

O. Sasmita.

N. B.	Toedjeng Panama	
noe didamai tina palm		f 8.—
“ ” ” djaki		f 2,50
strobin (pamoelana)		f 0,25

TOKO

NIC MULLER

Goenoengladoe 15 Telepon No. 26.

TASIKMALAJA.

SAGALA LANDONG SAJAGI.
Oepami moendoet prijskoran ke-ning pry.

Aue parantos kenal di toko ke-ning NGABON(rekening) Rembours ka mang-mana snoe ten atjan kenal. Sajagi: Verbaudtrommel (trommel anoe dieusi koe sagala kaperloean di noe tebih ti dokter atanapi ti roemah sakit.

Pohara perloe disajagiken di dessa. kabar djeung atoeranana kenging di toko.

Pangao kompleet moeng 12,50 f 1,—

Sajagi: PAINKILLER (landong sa-ribos goea) anoe tiase dianggo kaua sagala kasawat di djero sareng tiase dianggo ngosok salira.

Sajagi: TJELEP (sipoehan) anggoen njelep raksokaan, samping badjoe a. n. k.

Sajagi: Sagala landong Patent sareng sagala landong noe saues². Pangao tjo-tjot pisan.

Sajagi: Baangs kolonje, lisah seungit wedak wedakan, pendekna ka perloean toilet isti sareng pameget.

Sajagi: Sesepuan sareng goela-goela. Mangga tingalian ka toko, di tami sareng kaweningan hate.

Noe ngantos

NIC MULLER.

Preanger Chemicalien

Handel

Telefoon No. 76.

Salamanja sedia roepa-roepa obat patent dan iain lainnya, Mineman, Serotoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncilla, dan pekkas potret.

TAN JOE AN

TOEKANG CIGI

Dimoecka Pasar Tasikmalaya.

Saja bisa bikin gigi roepa-roepa dan bisa obatin penjakit gigi.

Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantas.

H. I. S. Pasoendan Tasikmalaya.

Nampi pimoerideun pikeun klas I sareng voorklas ti ngawitan sasih MEI 1928 di 15 JUNI '28.

Noe bade ngalobetkeun moerangkalihna, sae soemping ka kapala H. I. S. Pasoendan taboech 9 endj-ing-endjing sakalian moerangkalihna ditjandak nja eta ti ping 1 MEI '28.</p